ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫНЫГЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№191-192 (21.600) ● 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущапІэхэм

Унафэ пыухыкІахэр

Меркулов Александрр Къанокъуэ Арсенрэ зэІуцІэр ирагъэкІуэкІ.

Жэпуэгъуэм и 8-м екІуэкІащ КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІуцІэ. Абы хэтащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр, абы и ящэ къуэдзэ ТхьэзэплІыжь Мурат, и къуэдзэхэу ДышэкІ Мадинэрэ Уянаев Казымрэ, министрэхр, кьалэхэм, куейхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭІУЦІЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьынныгъэм, егъэджэныгъэм теухуа Іуэхугъуэхэм, КЪБР-м и хабзэхэр УФ-м щызекІуэ хабзэхэм хуэгъэзыжьыным ехьэлІахэм, нэгъэзыІэхэм. Меркуловым зэхуэсыр кьыхэзыІухэа нэужь, ящэу псалъэ иритащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**. Министрыр кІэщІу кьытеуывІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщІу «2009 гъэм щыналъэм щекІуэкІыну къэрал уухэныгъэхэм республикэ бюджетым щыщу щухахьнухэм я ІуэхуитІэ», «КЪБР-м щІалэгъуалІэ хьэрыфэтыр щыдэІыгъаным и ІуэхуитІэ» КЪБР-м и Правительствэм и Унафэхэм зэхьуэжьныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІахэр, КЪБР-м и Правительствэм и гъэкІыгъэ зыхуэгъэпса унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеуухуэхэр.

- Республикэм и мылькукІэ ди щІыпІэм мы гъэм щедгъэкІуэкІыну уухуэныгъэхэм иджыри 4 хэдгъэхъэ хьунущ: зы спорт уухуэныгъэрэ щэнхабзэ унэтІныныгъэ зиІэу 3-рэ. Абыхэм ятекІуэдэну сом мелуан 260-р къэрал бюджетым кьэкІри кьыгІэрыхьащ, - кьыхигъэщащ Мусуковым. - Апхуэдэу жь ьэрычэт зыхэлъ щІалэгъуалэм я жьыдэжгъыр нэхъри кьэІэта хъэн папщІэ, республикэм и зыужьыныгъэм хуэунэгъуэ абыхэм кърахьжьэ Іуэхуэр, бизнес-гупсысэщэхэр нэхъыбэу ядзыгъэныным хуэгъэзэ зэхъуэжьныгъэр хэлъхьэн хуейуэ кьызэлъытэ КЪБР-м и Правительствэм а Іуэхум тещІыхьауэ нэхъапэкІэ кьыщтауэ щыта Унафэм.

Мусуковым кьыхилъхьа Іуэхугъуэхэр зэІуцІэм кьырихьэлІахэм даІыгъащ икІи абыхэм ятеуухуэ унафэ щхьэхуэхэр кьащтащ.

Адэжь псалъэ зрата КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** кьызэхуэсахэр щигъэгъэзащ КЪБР-м и мылькум кьыхэкІыну 2009 гъэм зыдэлэпыкъунухэмрэ а Іуэхум текІуэдэну мылькур зыхуэдизымрэ. Псори зэхэту республикэ бюджетым щыщ мылькукІэ зызыщІагъэкъуэнухэр щыхьу 16 мэхъу, абыхэм ящыщу 13-р Іуащхьэмахуэ куейм щыщхэщ. Іуэхум хухахащ сом мин 894-рэ. Министрым кьыхилъхьар Правительствэм хэтхэм даІыгъащ икІи абы хуэгъэпса унафэ кьащтащ.

КЪР-м Уху ныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм и коллегием хэтхэм зэхьуэжьныгъэ хэлъхьэным теухуэу зэІуцІэм кьыщыпсэльащ а министерствэм и унафэщым и кьуэдзэ **Кучменов Тэхьир**. Абы зэрыжиІамкІэ, ар пыщІащ КЪБР-м и Правительствэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэхъуэжьныгъэхэм я Іэзэныгъэм теухуа Іуэхугъуэхэм, уней Іуэхущ Іэ Іуэхущ Іэ Іуэхущ Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым псоми кьагъэсэбэп автомобиль гъэгъуу щыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэхэр ухуэным, реконструкцэ щыным, егъэфIэкIуэным, зэгъэпэщыжным, зехьэным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэ хухэхьным техуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Путин В. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Унафэщи Миронов С. М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщи Грызлов Б. В. сымэ Зэрызахуигъаззэм и Iуэхуфи.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым псоми кьагъэсэбэп автомобиль гъэгъуу щыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэхэр ухуэным, реконструкцэ щыным, егъэфIэкIуэным, зэгъэпэщыжным, зехьэным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэ хухэхьным техуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщи Путин В. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Унафэщи Миронов С. М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщи Грызлов Б. В. сымэ Зэрызахуигъаззэр кьэщтэн (мы Унафэм щIыгъуу).

2. Мы Унафэмрэ ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа Зэрызахуигъаззэ тхыгъэмрэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщи Путин В. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщи Миронов С. М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщи Грызлов Б. В. сымэ зэрызэхуигъаззэр тхыгъэр дагъэтыным.

3. Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым законхэр кьыдэзыгъэкI я органхэм лъэIыкIэ захуэгъаззэн Зэрызахуигъаззэ тхыгъэр дагъэтыным.

4. Мы Унафэмрэ зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну кьалэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Промышленностымкlэ, гъэгъу хозяйствэмкlэ, транспортымрэ связымкlэ и комитетым.

5. Мы Унафэмрэ ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа Зэрызахуигъаззэ тхыгъэмрэ щыхьэ хъыбарегъащIэ Iуэхуфи Iанэкъэ щыгъэсэн.

6. Мы Унафэм щыщ Iуэхуфи щыгъэ щыгъэ щыгъэ

КЪУЭКІЫПІЭ ГЪУНЭГЪУР ЖЫЖЬЭКЪЫМ

● Иордан гъуэгуанэ тхыгъэхэр

(КІэлыкІыкІэуэр. ПэщІэдзэр №№189-190-хэм итщ).

АТІЭ ДАУЭ я къуэфІэкІа льапсэих зауэшхэм и нэщІэбжьыгъэмрэ хэхэс гъащІэм пыщІа бэлыкьхьэмрэ кьыз эранэкІыу ди льэпкъэгъуэхэм а щІыпІэм зыкъыщауажьыжьи, зыхэсхэм я деж льытэныгъэ щаІэу, я зэфІэкІым пщІэ итьуэту я псэукІэр эхтраублэжьи, Хэкумкі я гур щыІэу зи гъащІэр зыгъэкІуа нэхьыжьхэм я хьуэпсапІэхэр зрагъэхьулІэу адэжь льахэм кьепха пыщІэныгъэхэр ягъэпсыпІ? А псори кьыз эзыкъуэ жэуапхэр ятеІэлъыпІ, адыгэ хабзэм и кьарур, щыху зэхэтыкІэм и щхьэ адыгагъэр зэрагъэнэхъэпар, «Хейм», ульэщІ» псалъэжьым и купщІэм кьызэрихьумар.

Уэсэмн пащтыхьыгъуэм и гъунапкъэ нэхъ жьыжьэхэмкІэ ягъэкІуа адыгэхэм щІы Іыхьэхэр хухахьрт, ауэ, тырку правительствэм и мызакъуэу, абыхэм ядэІэпыжьауад нэхъапэкІэ урым кьаІэ лъэльэкам и псы кьыщІэжьпІэхэм щетІысэха ди льэпкъэгъуэр. А зэманым ирихьэлІэу адыгэхэм я льэр а щІыпІэм быдау щыуат, кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэмрэ пщэрылъхьэмрэ яІэти, кьэІэпхъуа мухьэжьрэ Иордание ятхащ, щы Іыхьэ нэхъыфІхэр лъагъэсащ, ахэр адыгэхэм яйуэ зэрыщытымкІи дэфтэр тхылъхэр иратащ. Псалъэм папщІэ, Сыуелыхь кьуажэм Іэпхъуа кьэбэрдейхэм уэсэмн правительствэм щы Іыхьэ 64-рэ хухихат; гъавэ щапІэ-хэри игъуэгу. Абыи а щІыпІэхэр псы кьыщІэжьпІэхэм зэрыхуэзэми мыхьэнэшхуэ и Іащ адыгэхэм я псэукІэр нэхъ щІэхыу зэтеублэжьымкІэ.

Апхуэдэ щыІэжьІэ адыгэхэм яІэрыхьащ Уадисир, Нэхьур, Заркъэ, Русейфэ кьуажэхэру Амманым кьедзыІІахэм я щыхэр. Къэрал кьулыкъу зыІэщІэлъхэм ирагъэкІуэжа Іофхэр ящІэнкІэмрэ зэрыщытымкІи Иорданием и гъавэщІапІэ нэхъыфІхэм я нэхъыбэр мухьэжьрэхэм яІэрыхьэныр. Хуэмурэ зэтес хьужащ хьэрыпхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпэщІэтыныгъэ ткІийр, Кавказ Ищхьэрэм икІа мухьэжьрэхэм кьаэзрыхущытыр зэпщІыкІыуефІэкІуащ. А Іуэхум нэхьри хуэщхьэпащ адыгэ льэпкъым щыщ куэдым Иордание кьэралыгъуэр зэфІэувэныжьмкІэ я гущІэрэ я гъащІэрэ емыблэжьу зэрыхэлэжьыхьар. Адыгэхэр хэтащ Хьэшимит пащтыхьыгъуэр кьэунэхунымрэ абы и тепщэгъуэр а щІынальэм щыувыныжьрэ, хуэлэжьащ икІи хуэпэжащ сыт и льэныкъуэкІи а власткІэ гъэбыдэныж. Аращ кьызыхэкІар Иорданием щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэм нобэр кьызэсфым а щІынальэм кьыщыхуащІ пщІэмрэ льытэныгъэмрэ.

Ялэ дунейпсо зауэр щиухым ирихьэлІэу (1918 гъэ) адыгэхэм я льэр Амманрэ абы кьедзыІІа щІыпІэхэмрэ апхуэдизкІэ щыбыдэти, абыхэм я жьІэм зыкъыщацІын хуей хьурт тырку хэми, ижькІэ иныдзыІыхэми я кьэралыгъуэр я щІынальэр зыІэщІэльаХэм. Адыгэхэмрэ абыхэм я жьылагъуэ зэгухьынкІэ нэхъ льэрыхьым и пашэ Хьэвжокьуэ Сэхьидрэ я дэІэпыкьуэгъуэкІэ (абы и унэ-ращ щэриф Хьусейн и кьуэ амир Абдаллэ І ялэ лъэхъэнэхэм и хэщІапІэу щытар) Хьэшимит пащтыхьыгъуэ льэрыхь гъэпсыныр зэтраублащ. АдыгэлІым и деж бысым щызыгъуэта амирым и хэщІапІэу Амман дэтэ Маихьарэ Іуащхьэм тетт (ар пэжьыжькІыкІым иджырей уардэунэм), ауэ а зэманым ар зэрихьыр Іауэлі щыІэу зэхэт кьалэ щыкІут. Мис абы щыІэуэ щыщІыуэгъуэ щымыІэми ярейуэ, уардэунэр зытет Іуащхьэр жыг хадэм щІигьанэрт. Зэрыгурыуэгъуэ-шагъэмкІэ Іэнатіэми, дзэ кьулыкъымрэ полицэмрэ пэрыуэгъу ямыІуэу хагъэхьэу зэрыщытар, уеблэмрэ адыгэзэмрэ нэгъэщІ льэпкъхэмрэ ящыщ кьыхахьн хуей щыхьуми, ди льэпкъэгъуэхэр яІэ зэрагъэщар. Апхуэдэущ зэрыщытыр нобэр кьыздэсми.

Эмиратыр кьэунэхуа иужькІэ, ильэс зыбжанэ фІэкІа дэмыкІыу, 1928 гъэм Инджылызымрэ Трансиорданиемрэ я унафэщІхэм Іэ зытрадза зэгурыІэныгъэм кьыхэкІащ Великобританием и кьэралі щыб политикэм и «зыхьуэжьыкІэм» иджыри пІалъэ кІыхькІэ эмиратыр зэрыщІэтар. ЕтІуанэ дунейпсо зауэр иухри, 1948 гъэм и накъыгъэ мазэр кьихьауэ амир Абдаллэ І Лондон Іэ щытридзащ нэгъэщІ зэгурыІэныгъэм: инджылызхэм я унафэм щІэмыгтыжу Иордание щхьэхуит зыщІым. Абы щыгъуэщ Хьэшимит пащтыхьыгъуэр кьыщыунэхуари, эмир Абдаллэ бин Хьусейн Иорданием и яп пащтыхь щыхьуари. Ауэ ильэсищ фІэкІа темытауэ, 1951 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м пащтыхь Абдаллэ І Иерусалим (Израиль) дэт ель-Акка мэжджытым щыщІыхьэм кьуэгъэнапІэ фочауэу кьауэкІащ. Абы иужьІэ пащтыхьыгъуэр зыльыса Тэлали куэдрэ тетакъым, зэрымыуэзынІшэм кьыхэкІыу. Арати, ди ныбжь нэмыса Хьусейн бин Тэлал 1953 гъэм Иорданием и пащтыхь хьуащ. Пащтыхь щІалэм и тетыгъуэр, «дыщэ льэхъэнэ» зыфІащар, яхуэфІат а кьэралыр псэупІэ зыхуэхъуа ди льэпкъэгъуэхэм, пэжыгъэрэ кьабзагъэкІэ пащтыхь унэм хуэлэжьахэм. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэращ, сэ сызэрепльмкІэ, пащтыхьыгъуэм и мызакъуэу, Иорданиер зэрыщыту зыужьыныгъэм хуэзыщар.

Илъэс 46-кІэ тетащ Хьусейн бин Тэлал и пащтыхьыгъуэм, и ныбжьыр хэкІуэтауэ сымаджэ хьалъэ хьурт, яхуэмыгъэхьужу 1999 гъэм маІэм я 7-м дунейм ехыжащ. Икіи абы и пІэ кьиуващ Хьусейн и кьуэ нэхъыжь Абдаллэ. Апхуэдэщ Іэ зиІэ пащтыхь зэрыгетам щхьэжІэ, пащтыхь щІалэм Абдаллэ ЕтІуанэкІэ еджэу хьуащ.

Ауэ абдежи зыщІихьуэжакъым Хьэшимит пащтыхьыгъуэр адыгэхэм фІыуэ кьаэзрыжщытым. Уеблэмэ, ар Абдаллэ II кьажриІащ. Хэкум ивдауэ Хьусейн бин Тэлал и хьэдэщІэльхъэм кІуа Іыкіуэ гупым: и адэр зытета льэпкъ политикэм кьыпищэну зэрригуГъэр, и адэми, адэшхэми, абы и адэжми пэжьыгъэкІэ якьуэта адыгэхэм езыри зэремыщІыкьынур. Апхуэдэ зэхэщытыкІэ кьабзэхэм и щыхьэтхэм щыщщ Абдаллэ II и адыгэ щхьэхуэмэхэр ноби пащтыхь бжьаблэм зэрятыр.

«Дяпэ итахэм я щапхъэр ди гъуазэу!..»

ДЫЭЭРЫЗЭГУРЫІУАМ тетуэ, етІуанэ махуэм Диваным (аращ хьэрыпхэр пащтыхь уардэунэм зэреджэр) дыкІуащ. Кьалэм щхьэунтІагъэр кьемэщІэкІыу кьытщыхьуами, пащтыхьым и хэщІапІэм псори щрикьужат: кьыщымыкІ ЛІэужьыгъуэ щымыІэми яреІуэ, уардэунэр зытет Іуащхьэр жыг хадэм щІигьанэрт. Зэрыгурыуэгъуэ-щи, кьэбжэ дыхьэпІэм унэсыжьыкІэ х уэпа хьуакІуэхэр метрищэ кьэс тетщ. Дэтхэнэми кьигьэувыІэнущ, узыщымщІэупщІэнущ, игу уримыхьмэ, адэкІэ уигьэкІуэхэнукьым. Ауэ дэ пэрыуэту дитІэкьым - дыэзрыс машинэхэр уардэунэм и гаражым ейт, пащтыхьым и кьуэш Алий дригъэб лэгъауэ дыхьэщІэт

Диваным дыхьэмрэ дэкІымрэ щатх кьэувыІэпІэмкІи псэпІэмачкьыншэу дыбІэжІри, машинэм дыьзрису зыкьомрэ щыщІэжьыкІэ кІуа Іыкіуэ ихьуреягьыр кьэптІпльхьу. ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, жьэнэтыр уи нэгу кьыщІэбгъэхьэфынумэ, араУэ кьыщІэкІынт тІльагъу псор зэбгъэщхь хьунур, щы-пІэ-щыпІэкІэ зауэлІ фащэ зыщІыгъ цІыхуэхэ уаэзрыІупльэр хьуымыбжкэмэ. Машинэхэм дыкьикІа нэужь, мывэ упсакІэ кьигъэтІылъыкІа льагъуэ бгъуфІэм дыІуишащ уардэунэм и бжэІупэм.

- Мы унэр зэраухуэрэ илъэс 70-м щІигъуащ, - жеІэ Малик, ди гъузэгугъэльагъуэ щІалэхэм ящыщ зым. - Пащтыхьыгъуэр зыгъэувА Абдаллэ І ящыщ. Абыи зэІущІэ зэжакъым. Абыи зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр щокІуэкІ, пащтыхь унагъуэм щыщхэр щыІэхуос. Абдаллэ І и щІэбгъэкІащ мы уардэунэм. Иджыдрейр абы и кьурэрыльхуэм и кьуэщ икіи и щІэджэгъуащ...

Жьыжьапльэу мы уардэунэр кьуэкІыпІэ таурыхьхэм кьыхэщыж пащтыхьхэм я щІыпІэхэм щыщ, кьэбжэ дыхьэпІэм унэсыжьыкІэ х уэпа хьуакІуэхэр метрищэ кьэс тетщ. Дэтхэнэми кьигьэувыІэнущ, узыщымщІэупщІэнущ, игу уримыхьмэ, адэкІэ уигьэкІуэхэнукьым. Ауэ дэ пэрыуэту дитІэкьым - дыьзрыс машинэхэр уардэунэм и гаражым ейт, пащтыхьым и кьуэш Алий дригъэб лэгъауэ дыхьэщІэт

Диваным дыхьэмрэ дэкІымрэ щатх кьэувыІэпІэмкІи псэпІэмачкьыншэу дыбІэжІри, машинэм дыьзрису зыкьомрэ щыщІэжьыкІэ кІуа Іыкіуэ ихьуреягьыр кьэптІпльхьу. ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, жьэнэтыр уи нэгу кьыщІэбгъэхьэфынумэ, араУэ кьыщІэкІынт тІльагъу псор зэбгъэщхь хьунур, щып

●Хабзэ

Къурагъ еупсей

Адыгэу зызылытэж псоми пасэм щыгъуэ яхэлъащ, унагъуэ псори зэщIэзыыбыдэу, зэщIэзыIыгъуэ гуфIэгъуэ гъэщIэгъэн. Ар «къурагъ еупсей» жыхуаIэу щыта хабзэ хьлэмэтыырщ. Иджыпсту ди нэхъыжьхэм я нэхъыбаIэм ар зэрэщIэжыр адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм и зы Iыхьэ щIыIуущ. Ауэ пасэм щыгъуэ абы хьэгъуэлIыгъуэм пыщIэныгъэ хуиIакьым. Нэхъыбзу ар зэпхар атэлыкьым и кьаныр щитыжырт. Ауэ, зэрыхабзэмкIэ, езыр-езыру кьызэрагъэпэщрэ екIуэкIыу арат.

Ди нэхъыжь дыдэхэм зэрыжаIэжу щытамкIи, языныкъуэхущIыгъэхэм кьызэрыхэущымкIи, «Къурагъ еупсейм» и Iуэхур зыIутыр мыращ. Зы куейм кьедза жылэхэм, е зы псыхъэм, е зыщ и унафэ щIэт жыжьэхэм, зэгурыIуауэ зы махуэ хахьыр балигъыпIэ ящыта и щIалэхэм (илъэс пщыкIух-пщыкIублым итхэм) я зэфIэкIымрэ хабзэ зэращIэмрэ ягъэунэхуну. Мыбы пщыти, пщыпIти, жаIэу зэхэгъэжщIэгъкым. Хабзэр псоми ягъэзэщIэну я кьалэнт.

ЩIалэхэм я ныбжьым уеплъмэ, ар ирихьэлIэрт атэлыкьхэм я кьан тыжыгъуэм. НэгъэущIу жыпIэмэ, къурагъ зраупсеин хуейхэм хьихьэрт атэлыкьхэм ятыжк кьанхэри. Абы кьыщахьтэрт атэлыкьым (бзыфыкьуэ адэм) и кьаным хилъхьа хьэлымрэ ирита гъэсэныгъэмрэ. Къурагъ еупсейр ирырагъэхьэлIэнкIэ хьунут нэгъуэщI зы тхьэлтьэIушхуэ гуэрым, ауэ жылэм гуэвэгъэуэ ямыIэмэ, екIуэлIэмэ, щхьэхуэу ирагъэкIуэкIмэ нэхъ кьащтэрт, нэхъ зэгъэпэщащ хьурт.

Мыпхуэдэут ар зэрекIуэкIыр. ЩIалэхэм я зэфIэкIыр зэхагъэкIыну нэхъыжь гуп хахьрт. Абыхэм ящбзыхэт зэрагъэунэхуну Iуэхугъуэхэр: тесыкIэ, шы гъэджэгъуэ, игъэлыыкIэ, уанэ телъхьэкIэ, щIопщ Iыгъыкlэ, нэхъыжь блэкIыкlэ, фIэхьус тыкIэ, хьэщIэ кIеГъэбдэгъэкIэ, егъэжьжыкIэ, нэгъуэщIхэри. ЩIалэхэр зэпрагъэунэкIэ хъунут мывз зэдадзу, дамэкъуэпцэ зэдэджэгуу, хьэлъэ кьызэдаIэту, нэщанэ зэдеуэу. Абы щыгъуэми нэхъыщхьэр нэхъ лъэщ дыдэр, хьэмэрэ нэхъ щэрыуэ дыдэр къащIэныр аратэкъым, атIэ псоми я зэфIэкIымэр я къаруморэ зы пащIэ гуэркIэ екъутэныр. Дауи, гъэщIэгъэунт хэт ятекIуами, дапщэкIэ ятекIуами къэпщIэныр. Апхуэдэхэри яхуэтэр, ауэ егъэлеяуэ яIэтырт зэкъым, ягъэвуртэкъым.

ЩIалэхэм зэгъэзэщIэн хуейм хьихьэрт адыгэ хабзэм ельэIа Iуэхугъуэхэри – щхьэгъэрытым и кьалэнхэр, кьуэдэхэм ящIэн хуейхэр, щыхъэкIуэ зэрыкIуэр, нэгъуэщIхэри. Абы щыгъуэми куэдрэ кьэхъурт псалъэ гъущкIэ тепсэлъыхь зэфIамыгъэкIыу, зэращIэм, зэрахузэфIэкIым кIэлыплъу. Апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэр зэфIэкIа иужькIэ, ахэр псори нэсу зыгъэзэщIэфахэм нэхъыжьхэм кьурагъ ираупсейуэ арат, ПIы ухъуащ, кьрагъэкIыу. Ащ ПIалэхэм щхьэкIэ нэхъыжьхэм батырыжьэ яIэтырт, джэгуакIуэхэм кьебжэкIэр зэхалъхьэрт, я шынэхъыжьхэр кьехъуэхъурт. Псом нэхърэ нэхъыщхьэ ябжырт кьурагъыр зраупсеям кьурагъыбжьэ щратыр. Ар хабзэу мыхъумэ, фалъэм фадэу ит щыIэтэкъым. АтIэмэ кьурагыбжьэ зрата щIалэм и адэанэм, и унагъуэм зэрыхуэзфIэкIкIэ ерыскъы Iэнэ кьащтэрти, нэхъыжьхэр ягъэхьуахьэрт, сабийхэм зыгуэрхэр хуагъэшырт.

ТуфIэгъэр джэгуэ кьафэкIэ яухырт. Кьурагъ зраупсея щIалэхэр, кьэзымыша я шынэхъыжьхэр щытми кьамыгъанэу, мобы сыкьыдэфащэрэт, жыхуаIэ хьыдджэбэхэм кьыдагьафорт. А зэрат ахэр я шынэхъыжь пIэщхьагъэшIэм кьишэхункIэ, кьалъагъуэ джэгум кьызэрыщIафэнэр.

Кьурагъ еупсейм щыгъуэ нэфI-ней щыIэтэкъым, ущагъгъэгъунщ, ди нэр хуэдэфIыцIынщ, жыхуаIэри хэттэкъым. Абы хэт щIалэхэм кьыпатъэуэ кьалэныр яхуэмыгъэзэщIамэ, апхуэдэхэр трагъэгушхуэрт етIанэгъэ нэхъыфIу зыхуагъэхъэзырыну. Дауи, ар зи гуапэ хъу щыIэу кьыщIэкIыитэкъым, ауэ хабзэр хабзэщ. Псоми ящIэ адыгэ хабзэр зэрымытыншыр икIи зэ зепщытыгъэкIэ пэмылъэщынкIэ зэрыхъунэр.

МАФЕЭДЗСэрбий.

● Щыкlуэм папщIэ

Дэ еуэ

ЩIымахуэм сабийхэр унэм кьыщIэмыкIыу ириджэгуу щытащ. Я анэшхуэм кьаритауэ дэшхуэ е дэ цIыкIуми зытхух яIэмэ, унэ лъэгуэм деж пхъэ шынакъ яIубыртти, итIанэ зыээпабжьт е пхъэидэ ящIырти, зэхагъэкIырт, хэт и дэр япэу пхъэ шынакъым трилъхьэнуми, хэт япэу еуэнуми, хэт кьыкIэлъыкIуэми. А щIыкIэм тету зым и дэр шынакъым трилъхьэрти, мыдрейхэр абы дэкIэ е мывэ цIыкIукIэ еуэрт, кьраудыхыну. ТIурытIу джэгу нэужькIэ, япэ уэгъуэм тезыгъэхуэм а дэр кьихьэхуам и мызакъуэу, аргуэру еуэну хуит хъурт. Абы щхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъэщи, дэ зыфIахьэхуам аргуэру шынакъ Iубам дэ трилъхьэрт.

Зым тригъэсауэ адрейр еуэрэ кьыхуемыудыхамэ, дэр тезыгъэсар езым и дэм еуэрт. Абы тригъэхуамэ, и дэр кьихьэхуэжырти, итIанэ мыдрейм и дэ тригъэсын хуей хъурт. Апхуэдэуэрэ зым и дэр иухыхукIэ джэгуэхэрт. Кьэхъурт зым и дэ псори фIахьэхуауэ, ар зыхьэхуам щIыхуэуэ дэ кьыИихыжу щIэзэдэжэгу, зыгуэр кьихьэхуэжьи и гугъэу. Языныкъуэм деж ар абы кьыщIехъуаIи щIыIэт, ауэ щIыхуэу кьиштари щыфIахьэху кьэхъурт.

ТIурытI мыхъуу нэхъыбэ щIэзэдэджэгум деж зи пхъэ кьикIам кьыкIэлъыкIуэм и дэр кьриудыхамэ, ещанэм и дэр пхъэ шынакъ Iубам трилъхьэрт. Тримыгъэхуэфакъэ, дэм еуэр зи чэзуэр - тезымыгъэхуэфам кьыкIэлъыкIуэу зи пхъэ кьикIарт. Абыи тримыгъэхуэфамэ, адэкIэ зи чэзуэр еуэрт.

Шынакъ Iубам лъэбакъуэ дапщэкIэ пэжыжьэу увынуми, джэгуэр зэрызэгурыIуэт, ауэ лъэбакъуитху нэхъ гуэнэгуу утвэкъым. Дэ еуэ гъэмахуэми щIыбым щыдэжэгу хъурт. Абы щыгъуэ дэр мывэ джей гуэрым е пхъэ къутапIэм трагъэсырт.

«Адыгэ сабий джэгукIэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Гурыщlэ толъкъунхэр

ФIы пщIэмэ, фIы къокIуэж

ЦIыхуу дунейм тетым гугъапIэ гуэрэ плъапIэ зырызыххэр яIэщ. Псоми я хьэупсапIэр я гъащIэр нэхъ дахэ, я насыпыр нэхъ куэдрэ зэрыхуныщ. Ар нэхъыжь лIэмэщ гурыфIыгъуэр. Ауэ арауэ пIэрэ гъащIэм и дахапIэри дэрэжэгъуэ кьоэзыту щыIэри? Абы фIэкIа цIыхур зэгупсысыф щымыIэмэ, абы и гъащIэр гуфIэгъуэншэ мэхъу.

Сыт дэжьи дэрэжэгъуэ кьоэзытыну щыIэр, уи щхьэ фIэкIа нэгъэущIым ущемыгупсысыфым и деж цIыхум и нэмыпIэмал имыIэу кьыщыпхькIэ? ЦIыхум узэрыхущIыщ кьызэрыпхущытыжьынур.

ГъащIэм фIы гуэр кьыщыппэлъэу угуГэн щхьэкIэ, пщIэн хуейщ фIы пщIэмэ, фIы кьызэрыпхIуэжыр. Адрейр пцIыщ.

Зэманымрэ дэрэ

Зи сабиигъуэр нэхъыжьхэм йохъуапсэри, балигъэхэм зариГэщIыу джэгуакIэ гуэрхэр кьегупсыс. Балигъ хъуар и сабиигъуэм хуоплъэкIыжри, и хьэлым сабиигъэ кьыщыхигъахуэ е сабий джэгуэхэм яхэтыну щхьэуапсэр куэдрэщ. ЦIыхум и гур зды-нэмыс щыIэ! И сабиигъуэм хуеплъэкIыж гу дыдэр зи нэхъыжьыгъуэу псори зи унафэ едаIуэхэм, нэмыс зыхуащIхэм йохъуапсэри, нэхъыжьыгъуэр кьыщыIтыысынум щIохъуэпс.

Зи зэманыгъуэр икIыу жьы хуегъэззэкI хъуар, гъащIэм и Iэфiри и дыджри зыгъэзунэхуар, зи сабиигъуэм гъэзуэу жьыуIэр зымыщIар, зи зэманыгъуэм уз жьыуаIэр зыхэзымыщIар, иджы зи Iэпкъпэпкъыр уз тIысыпIэ хъуаэз, зи лъакъэурэ щIэжьгъуэкI хъуз тхьэмадэр и сабиигъуэмрэ и щIалэгъуэ блэкIамрэ хуохъуэпсэж.

Сыту гъэщIэгъуэн икIи хьэзаб мигъащIэр – цIыкIр и ныбжьымкIэ арэзы щхьэ зэм мыхъурэ!

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин *(сэмэгумкIэ)* **и пшыхьыр профессор БакIуу Хьанджэрий ирегъэкIыкI.** *1998 гъэ.*

● Псалъэжьхэр

Бэлэрыгъ и Iыхьэ хьэм фIеIих

● Дахэм кьымыхь Iейм кьихьыркъым.

● Мылажьэрэ жьы мыхъурэ щыIэкъым, Iуэхущхэу мыхъуми, Iуэху щыкIу.

●ЩIыхуэ хьихьэкIэу кьыхэпхьар аракъым Iуэхур, кьыхэкIыжьыкIэ ихуэхьурщ Iуэхур.

●ЗэгурыIуэ я Iуэху псынщIэщ.

● Хабзэр убзэ зыфIэщIым, хуэнщIэнум и ныкьуэр кьеГьанэ.

●Хьэ закьуэрэ лIы закьуэрэ уатемыгушхуэ.

●Бэлэрыгъ и Iыхьэ хьэм фIеIих.

●Е пщIауэ фIым ущымыгуГ, фIы пщIамэ, ущIэмыфыгъуж.

●ГуэкьенгъуафIэ унэхъуГуаф1щ.

● Гъэуэгум лъыхьэурэкъым - щIоупщIэ.

●Хъуэжъу

Урыху къуажэм щыщ Блий ФатIимэ Хьэзрэт и пхъум и ныбжьыр илъэс бжьыгъэ дахэ зэрырикъуамкIэ дохъуэхъу

Уи гуфIэгъуэр багъуэу, уи гукъыдэжьым хэмыщту, блэжьым пщIэ кьыхуащIрэ махуэщIэ кьэс уи щIэщIгъуэу, зэнышагъэр уи бзэрэ уи бынхэм я хъер плъагъуу Тхьэм куэдрэ дунейм утригъэт!

Уи унагъэр.

●ЩIэ

Мэз Iэниуар и тыгьэ

Мэз Iэниуар зи школ кIуэгъуэ мыхьэлъхэмрэ пэщIэдзэ классхэм щIэхэмрэ гъэ едзыгъуэщIэм и пэщIэдзэм игъэгуфIащ. «Эльбрус» тхылъ тедзанIэм абы кьыщыдигъэкIащ сабий уэз гъуэзэджэхэр зэрыт жриал щхъуэжкIэплъыкIэ. Абы ихуа уэз 27-р щыкIуэм я гур хэзыгъэхуэн защIэщ, гурыIуэгъуафIэхэщ, тынш дыдэу зэхэлъхьащ.

«Ажэ», «Гъунэгъу нанэ», «Ди Лалитэ», «Iэюб цIыкIу», «Лэгъупыкъуэ», нэгъуэщI уэхэри зэрыт напэкIуцIэр сабийхэм я гу дыхьэну гъэщIэрэщIащ, апхуэдэуи сурэт гъэщIэгъуэн кэуд щызэхуэхъащ абы и напэкIуэцIхэм.

Журналыр тхылъ щапIэхэм щывгъуэтынущ, блэмыгъэкI, ари зы тыгъэ гукъинэж кхуэхъунущ фи бынхэм.

ШЫПШ Данэху.

Хьэринэ

Дади нани
Мес зэгъуэсу
Сэ хьэринэ схуащI.
ТIэкIу сагьафIэм
ФIэфIщи я нсэм -
Сабинбзэ защI.
Сисщ хьэринэм -
СыщIауэскIэ,
Си гур
Кьогуфыкl.
Дунешхэр
Кьысщохьэж сэ
КьыздекIэрэхьэкI.

МЭЗ Iэниуар.

●ХъыбарегъащIэ

Фыкъыдогъэблагъэ

ПщIэ зыхуэтщI налшыкдэсхэ, кьалэм и хьэщIэхэ!

Жэпуэтъуэм и 13-м «Эльбрус» киноГеатрым щызэхэтынущ урысей кином и дэжьа-кIуэ пашэхэмрэ республикэм и щыхуэхэмрэ я зэIущIэ. Абы хэтынущ УФ-м и кинематографистхэм я тхьэмадэ, кинорежиссер щэрыIуэ, УФ-м и щыхуэ артист Михаил Никитэ, щытхъэгъэуэнущ абы и «Утомленные солнцем-2» фильмымрэ Хотиненкэ Владимир и «Поп» фильмымрэ.

ЗэIущIэм ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ. ФыщIэупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: **47-36-50.**

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Гушыlэхэр

ПIутIэ ятIэм хохуэ

Илъэсих зи ныбжь ПIутIэ и анэр йошхьэ:

- Гъуэнщэдж щIэрыпсыр ятIэ защIэ пщIащ.

- Ха, мамэ, аргуэру щхьэ сыбгъэкъуаншэрэ? ЯтIэм апхуэдизкIэ псынщIэу сыхэхуати, си гъэнщэджыр щыс-хьыну сыхунэсакъым.

Егъэджакlуэм зыри ищIэркъым

Яп классым яп махуэм кIуа ХьэтIу цIыкIу умэ-кIуэжьа нэужь и анэр еупщIащ:

- Дауэ къыпщыхъуа, ХьэтIу, школыр?

- Псори тэмэмщ, ауэ дезыгъаджэм зыри ищIэркъым, щIэмычэу дэ кьыдэупщIащ. Ди хэщIапIэр

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIэнэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхугъуэхэм я дзэлажьэныбжьэ - 42-60-53; къэбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; къэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхугъэ IапIэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпытщытхьым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынщи я щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ нэщIэзыщIыгъэхэмкIэ и управленом.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIэныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Къаныкъуэ Анфисэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2,6-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(3,4,5-нэ нап.)*, корректорэм я дэIэныкъэгъэу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ:* МэлбахьэУ Анжелэ, *суэтэщI* Быщу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3260

● Щыкlуэм папщIэ

Дэ еуэ

ЩIымахуэм сабийхэр унэм кьыщIэмыкIыу ириджэгуу щытащ. Я анэшхуэм кьаритауэ дэшхуэ е дэ цIыкIуми зытхух яIэмэ, унэ лъэгуэм деж пхъэ шынакъ яIубыртти, итIанэ зыээпабжьт е пхъэидэ ящIырти, зэхагъэкIырт, хэт и дэр япэу пхъэ шынакъым трилъхьэнуми, хэт япэу еуэнуми, хэт кьыкIэлъыкIуэми. А щIыкIэм тету зым и дэр шынакъым трилъхьэрти, мыдрейхэр абы дэкIэ е мывэ цIыкIукIэ еуэрт, кьраудыхыну. ТIурытIу джэгу нэужькIэ, япэ уэгъуэм тезыгъэхуэм а дэр кьихьэхуам и мызакъуэу, аргуэру еуэну хуит хъурт. Абы щхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъэщи, дэ зыфIахьэхуам аргуэру шынакъ Iубам дэ трилъхьэрт.

Зым тригъэсауэ адрейр еуэрэ кьыхуемыудыхамэ, дэр тезыгъэсар езым и дэм еуэрт. Абы тригъэхуамэ, и дэр кьихьэхуэжьрти, итIанэ мыдрейм и дэ тригъэсын хуей хъурт. Апхуэдэуэрэ зым и дэр иухыхукIэ джэгуэхэрт. Кьэхъурт зым и дэ псори фIахьэхуауэ, ар зыхьэхуам щIыхуэуэ дэ кьыИихыжу щIэзэдэджэгу, зыгуэр кьихьэжьи и гугъэу. Языныкъуэм деж ар абы кьыщIехъуаIи щIыIэт, ауэ щIыхуэу кьиштари щыфIахьэху кьэхъурт.

ТIурытI мыхъуу нэхъыбэ щIэзэдэджэгум деж зи пхъэ кьикIам кьыкIэлъыкIуэм и дэр кьриудыхамэ, ещанэм и дэр пхъэ шынакъ Iубам трилъхьэрт. Тримыгъэхуэфакъэ, дэм еуэр зи чэзуэр - тезымыгъэхуэфам кьыкIэлъыкIуэу зи пхъэ кьикIарт. Абыи тримыгъэхуэфамэ, адэкIэ зи чэзуэр еуэрт.

Шынакъ Iубам лъэбакъуэ дапщэкIэ пэжыжьэу увынуми, джэгуэр зэрызэгурыIуэт, ауэ лъэбакъуитху нэхъ гуэнэгуу утвэкъым. Дэ еуэ гъэмахуэми щIыбым щыдэжэгу хъурт. Абы щыгъуэ дэр мывэ джей гуэрым е пхъэ къутапIэм трагъэсырт.

«Адыгэ сабий джэгукIэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Гурыщlэ толъкъунхэр

ФIы пщIэмэ, фIы къокIуэж

ЦIыхуу дунейм тетым гугъапIэ гуэрэ плъапIэ зырызыххэр яIэщ. Псоми я хьэупсапIэр я гъащIэр нэхъ дахэ, я насыпыр нэхъ куэдрэ зэрыхуныщ. Ар нэхъыжь лIэмэщ гурыфIыгъуэр. Ауэ арауэ пIэрэ гъащIэм и дахапIэри дэрэжэгъуэ кьоэзыту щыIэри? Абы фIэкIа цIыхур зэгупсысыф щымыIэмэ, абы и гъащIэр гуфIэгъуэншэ мэхъу.

Сыт дэжьи дэрэжэгъуэ кьоэзытыну щыIэр, уи щхьэ фIэкIа нэгъэущIым ущемыгупсысыфым и деж цIыхум и нэмыпIэмал имыIэу кьыщыпхькIэ? ЦIыхум узэрыхущIыщ кьызэрыпхущытыжьынур.

ГъащIэм фIы гуэр кьыщыппэлъэу угуГэн щхьэкIэ, пщIэн хуейщ фIы пщIэмэ, фIы кьызэрыпхIуэжыр. Адрейр пцIыщ.

Зэманымрэ дэрэ

Зи сабиигъуэр нэхъыжьхэм йохъуапсэри, балигъэхэм зариГэщIыу джэгуакIэ гуэрхэр кьегупсыс. Балигъ хъуар и сабиигъуэм хуоплъэкIыжри, и хьэлым сабиигъэ кьыщыхигъахуэ е сабий джэгуэхэм яхэтыну щхьэуапсэр куэдрэщ. ЦIыхум и гур зды-нэмыс щыIэ! И сабиигъуэм хуеплъэкIыж гу дыдэр зи нэхъыжьыгъуэу псори зи унафэ едаIуэхэм, нэмыс зыхуащIхэм йохъуапсэри, нэхъыжьыгъуэр кьыщыIтыысынум щIохъуэпс.

Зи зэманыгъуэр икIыу жьы хуегъэззэкI хъуар, гъащIэм и Iэфiри и дыджри зыгъэзунэхуар, зи сабиигъуэм гъэзуэу жьыуIэр зымыщIар, зи зэманыгъуэм уз жьыуаIэр зыхэзымыщIар, иджы зи Iэпкъпэпкъыр уз тIысыпIэ хъуаэз, зи лъакъэурэ щIэжьгъуэкI хъуз тхьэмадэр и сабиигъуэмрэ и щIалэгъуэ блэкIамрэ хуохъуэпсэж.

Сыту гъэщIэгъуэн икIи хьэзаб мигъащIэр – цIыкIр и ныбжьымкIэ арэзы щхьэ зэм мыхъурэ!

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **2.** Адыгэхэр Дон псым зэрэджэу щытар. **5.** Ди гъунэгъум гъавэ ... кьигъэкIащ. **6.** ХьэпIащIэ цIыкIу кьэзыльэтыхь, лыиф. **10.** Цы закъуэ. **11.** ЩIыIум нэгъэущIу зэрэдкэ. **12.** Зи щыр фIыщIэ, зи пэр хужьыфэ кьуаргъ. **14.** 4-нэ нэмэз щIыгъуэ. **15.** Iэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **17.** Адыгэ сабийхэм папщIэ кьыдэкI журнал. **19.** КIэщIэльадэ-кIэщIэжьыж, кьулыкъущIэм субзэныр зи хьэл. **22.** НэгъуэщI хэку Iэнхъуа цIыху, хэхэ. **23.** Дзыдзэ льэпкъым щыщ псэущхьэ. **25.** Нэхьапэм хьэгъэлIыгъуэм фочкIэ зэуэу щыта унэм и зы Iыхьэ. **28.** Лъабжьэ быдэ зиIэ, гъэмахуэкум дыщафэу гъагъэ удз. **33.** Уэрэджы IакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIхь зиIэ и артист. **35.** Къэпща, къэушырыба. **37.** Ди республикэм и гъунапкъэм пэгъунэгъу кьалэ, адыгэщIэ зэрихьэу. **38.** Дэрбзэр къэпшып. **39.** ЩыпсальэкIэ зэIынэ. **41.** Ху кьызэыщIаIукI хьэцэпэцэ. **42.** Апхуэдэ щытыкIэм мэлхэр щиухуэ щыIэщ, я пIэм икIэрэхъухьу. **45.** Кьыдальэхуауэ цIыхум и щIыфэм хэт. **46.** ХьэщIэ лъапIэм хуаухкI Iэщ. **47.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэхэу Налохэ Аьмэдэ ЗаурпрэясабиигъуэрщрахьэкIа псы Iуфэ. **48.** ПкIэуэ къэзыкIухь псэущхьэ цIыкIу. **49.** Жыгым и зы Iыхьэ. **50.** КIуэ пэтми бжьыз зымыкIу.

Къехьу: **1.** ХущIынэ, тхъэ зралъхъэ кумбыгъэ ин. **2.** ПщIащэм нэгъэущIу зэрэдкэ. **3.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуажэ нэхъ ин дыдэхэм ящIщ. **4.** МафIэдзым нэгъэущIу зэрэджэ. **7.** А удзым и купсэр яшх. **8.** МэкъупIэхэм щыпсэу, дахэдахэу мыльэтэф кьуалэбзу цIыкIу. **9.** А цIэр зэрахьэ районым, кьалэм, псыежэхым. **13.** Уэрэджы IакIуэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист КIуэныжь ... **16.** Адыгэ бзылъхъуэгъэ уэрэджы IакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ. **18.** Дзыгъэушхуэм и бий кIэуфIыцI. **20.** Пасэм унафэ щащI зэIущIэхэм апхуэдэу еджэу щытащ. **21.** Iэщ. **24.** Фадэ лIэужьыгъуэ. **26.** ЩIы кьиуда. **27.** Зимыхьэпшып щэхуу зыгъэкIуасэ. **29.** Iуэхутхьэбзэ кьыпхуэзымышIэну кьулыкъущIэм жиIэ хабзэщ « ... кьакIуэ». **30.** Бгы щIэуда, щIыхьэпIэ зиIэ. **31.** ЩэкI кIапэтьапэ. **32.** Дыгъэм идз нэху пакIэ кIыхь. **34.** Iэщым къыпас ерыскъыпхъэ. **35.** Пасэрей Iэщэ зэрыпыджэ. **36.** Къуалэбзу пIащэ. **37.** Пхъэщхьэмышщхьэ гуащIэ цIыкIу. **40.** ХъумпIэщIэдж Iуащхьэ. **41.** Псыхуабэ и Iэшэлъашэм щыIэ бгы, адыгэщIэ зэрихьэу. **43.** Шым и кIуэкIэ. **44.** 70 -80 гъэхэм ди къэралым нэхъыбэу щыIа тутын лIэужьыгъуэхэм ящыщ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Аьмэдщ.**

Жэпуэгъуэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 1. Бещтокъуэ. **7.** Кады. **8.** Жанэ. **10.** Нэгъуджэ. **12.** Гъэмахуэ. **13.** Хьэжмэт. **16.** Сэщхуэ. **18.** Нащхьуэ. **20.** Бэракъ. **21.** Кьанлы. **22.** Дэбэч. **25.** Къуат. **27.** Щтырыгъу. **30.** Мэзыдэ. **31.** ЩIыIунэ. **32.** Жасы. **33.** Къудан. **34.** ХьэдэгъэлI.

Къехьу: 2. Емынэ. **3.** Тхьэгъущ. **4.** Къуажэхь. **5.** «Тамарэ». **6.** Къунажьын. **9.** Хьэрш. **11.** Нэхущ. **14.** Псэблэдз. **15.** Къэбистэ. **17.** Хуламэ. **19.** Адакъэ. **23.** Батэ. **24.** Чэруан. **25.** Къазмакъ. **26.** Уадэ. **28.** ГъущIыкIэ. **29.** ПIуанэ. **30.** МэкъупIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зарифэ, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжьыкъарэ Алик.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл, кIэртIоф, пхъы хэлъу

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ): мэлылу - г 500, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1400-рэ, кIэртIоф укъэбзауэ - г 200, пхъы укъэбзауэ - г 80, бжьыныщхьэ гъэкъэбзауэ - г 30, бжьыныхуу - г 35-рэ, шыбжий сыру, шыгъуу, шыбжий фIыцIэу, джэдыну - узыхуэйм хуэдиз.

Мэлылыр зэпаутIэ е зэпауд Iыхьэ щIыкIуурэ, г 30 - 40 хьуурэ. Псы щIыIэкIэ ятхьэщI, щыуаным ит псы щIыIэм халъхьэри, мафIэ иным тету зэ кьытрагъэкъуалъэ, тхьэрымбэр кьытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящI, щыуаныщхьэр трапIэри, лыр ныкьуэвэфI хъхуу ягъавэ, тхьэрымбэр кьытрахыурэ. ИтIанэ зэпэллимэу упщIэта кIэртIоф халъхьэ, зэ кьытрагъэкъуалъэри, бжьныныхуу убам и ныкьуэр халъхьэ, зэIащIэ, щыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету кьытаIавэ дакъикьипщI-пщыкIутхукIэ. Абы халъхьэ зэпэллимэ цIыкIуурэ упщIэта пхъы гъэкъэбза. Щыуаныщхьэр трапIэкри, кьагъавэ дакъикьипIл-тхукIэ. ИтIанэ халъхьэ зэпэллимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьныныхуу, шыгъу кьэнар, шыбжий, щыуаныщхьэр трапIэкри, хьэвыр хъуху ягъавэ. Щыуаныр псыгъэкъуаным, щыуаныщхьэр кьытрах, джэдгын хаудэрэ, щыуаныщхьэр тепIауэ дакъикьи 4 - 5-кIэ щагъэт, нэхъ мэ гуакIуэ кьищтэн щхьэкIэ. Пщтыру фальэ кууклэ Iэнэм трагъэувэ. Щакхъуэ, пIастэ щыIэ, чыржьын дашх.

Жэрумэ зэращIыр

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): ныбапхьэ гъэкъэбзауэ - г 120-рэ, ныхупIэу - г 100, щэ тхъурымбэу - г 90, бжьын укъэбзауэ - г 20, шыбжий плъыжь сыру, джэдгыну, шыгъуу - узыхуэйм хуэдиз.

Мэл ныбапхьэр фIыуэ ягъэкъабзэри, и бгъуагъэр см 15, и кIыхьагъыр см 25-рэ хьуурэ зэпагъэж. Ахэр Iэнэм трауку-эдри и щIыIу м шыгъу, джэдгын, шыбжий трагъэщащэ, итIанэ ныхупIэ гъэкъэбзар щэри зэрыкIэрыплъу (тырку хэмылъу) см 13-14 хьуурэ зэпаупщIри, ныбапхьэм и кIыхьагъымкIэ тралъхьэ. Щэ тхъурымбэр кIыхьэрэ зэпаупщI, жэрумэм ирикъун ныхупIэ абы кIуэщалъхьэри, ныбапхьэр кьращэкIыжи.

Ныбапхьэм и кIапитIыр зэтехуэу щытын хуейщ. Ар IуданэкIэ е кIэтIий псыгъуэ кьабзэкIэ зэкIуэщIапхэ и кIыхьагъымкIи, и кIапIэр зэрадзэж. КIэтIийкIэ зэкIуэщIапхар нэхъыфIщ, сыту жьыпIэмэ жэрумэр тебэкIи, дзасэкIи щагъажьэ щыIэщ. Апхуэдэм дежь Iуданэр кьыхэхьжьгуейщ. Хьэвыр хъуа жэрумэр щIыIалъэм дальхьэри фIыуэ я гъэдий, щагъажьэкIэ ныбапхьэмрэ ныхупIэмрэ псыр кьащIэмыжьну, арыншамэ лэпсыр утхъэчэнущ.

КЪУБАТИЙ Борис

● Си хъуреягъкIэ

Ар сэ си гъунэгъущ

- Ар генийщ! – щыжаIэм, зы щIалэ хуабжьу кьэуIэбжьащ, а зэхихэр абы и фIэщ зэрыпхуэущIым мы дунейм зэрытемытым гу лъыптэу:

- Пожкъым а жьифI